



**AMANNMAN  
NAN ÒDONANS DIJANS NIMEWO 1  
KONTE PALM BEACH COVID-19**

**KONSIDERAN**, nan dat 1ye mas 2020, Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye yon Dekrè Egzekitif 20-51 ki mande Depatman Sante Florid la pou pibliye yon Ijans Sante Piblik; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 9 mas 2020, Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye yon Dekrè Egzekitif 20-52 ki deklare yon eta dijans pou Eta Florid akòz COVID-19 la; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 13 mas 2020, dapre Seksyon 252.38(3)(a)(5), Lwa Florid yo, Konte Palm Beach te deklare yon Eta Dijans lokal akòz pandemi kowonaviris la ki te pwolonje depi lè a nan respè ak lwa ki aplikab yo; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 16 mas 2020, Prezidan Donald J. Trump ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (“CDC”) te pibliye gid “15 Jou pou Ralanti Pwopagasyon an” ki konseye moun yo adopte mezi distans sosyal konsiderab, tankou evite rasanbleman ki gen plis pase 10 moun epi, nan eta ki gen prèy sou pwopagasyon kominotè, ba, restoran, espas alimantè ak sal espò dwe fèmen; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 20 mas 2020, Gouvènè Ron DeSantis, apre konsiltasyon avèk otorite yo nan Konte Broward ak Konte Palm Beach, tou de te mande aplikasyon rekòmandasyon CDC, Dekrè Egzekitif 20-70 ki te pibliye, ki òdone tout restoran, ba, tavèn, ba popilè, bwat de nwi, sal bankè, salon kòktèl, kabare, brasri, kafeterya ak nenpòt lòt biznis ki sèvi alkòl ak/oswa manje ki gen plas pou plis pase dis (10) moun nan Konte Broward ak Palm Beach pou fèmen sèvis sou plas yo pou kliyan yo; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 20 mas 2020, epitou dapre Dekrè Egzekitif 20-70 la jan sa prevwa ladan, Gouvènè Ron DeSantis te fèmen tout sal sinema, sal konsè, oditoryòm, teyat, sal boling, sal jwèt (akad), sal espò, estidyo pou kondisyon fizik ak plaj; epi

**KONSIDERAN**, li nesèsè ak apwopriye pou pran mezi pou asire ke COVID-19 la rete kontwole epi ke rezidan ak vizitè nan Konte Palm Beach yo rete san danje ak pwoteje, espesyalman konsènan moun nan gwo gwoup ki ka pa obsève distans sosyal apwopriye pou anpeche pwopagasyon COVID-19 la nan kominote; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 22 mas 2020, Konte Palm Beach te pibliye Òdonans Sekirite Piblik No. 1 sou COVID-19 la kote, pami lòt bagay yo, dapre sou-seksyon de (2), Konte Palm Beach te fèmen tout waf bato yo, ranp, marina ak nenpòt espas ki itilize pou lanse nenpòt batiman rekreyatif; epi

**KONSIDERAN**, li nesèsè kounye a pou klarifye, atravè amannman sa a, ke sou-seksyon de (2) a aplike pou tout espas ki itilize pou nenpòt rezon rekreyatif, ki gen ladan, men pa limite ak, bato lapèch, vizit nan bato, aktivite plonje, elatriye; epi

**KONSIDERAN**, li nesèsè tou pou klarifye, atravè amannman sa a, ke espas sa yo ka itilize sèlman pou lapèch komèsyal, operasyon maritim komèsyal ak sèvis sipò ki gen rapò; epi

**KOUNYE A, SEPANDAN, NOU ÒDONE ISIT LA** dapre Atik II kòd Konte Palm Beach la, Seksyon 9-35, ak tout lòt lwa ki aplikab yo, ke Òdonans Sekirite Piblik No. 1 sou COVID-19 la amande ak ranplase konsa:

1. Konsideran ki anvan yo enkòpore isit la kòm referans.
2. Apati kounye a, nan Konte Palm Beach, ki gen ladan tout minisipalite ki ladan yo, tout waf bato, ranp, marina ak nenpòt lòt espas ki itilize pou lanse nenpòt batiman pou itilize pou rezon rekreyatif, ki gen ladan, men pa limite ak, bato lapèch, vizit nan bato, aktivite plonje, elatriye, yo fèmen jiskaske gen yon lòt lòd. Espas sa yo ka sèlman rete louvri pou bay sèvis ki gen rapò ak aktivite komèsyal ki idantifye nan sou-seksyon kat (4) anba a.
3. Apati kounye a, nan Konte Palm Beach, ki gen ladan tout minisipalite ki ladan yo, tout zile yo, ban sab ak tè nan kòt yo entèdi pou piblik la itilize.
4. Lapèch komèsyal, operasyon maritim komèsyal ak sèvis sipò ki gen rapò ak sa yo otorize fonksyone.

5. Cherif Konte Palm Beach la ak lòt pèsonèl ki pou fè aplike lalwa yo jwenn otorizasyon ak òdonans pou ranfòse direktiv sa a.
6. Òdonans sa dwe depoze nan biwo Grefye Tribinal Sikwi a epi livre bay medya apwopriye yo pou piblikasyon ak difizyon nan radyo ak televizyon.

**KONTE PALM BEACH**

**Pa:** \_\_\_\_\_  
**Administratè Konte**

\_\_\_\_\_  
**Dat**

**ATESTE  
GREFYE AK KONTWOLÈ**

**Pa:** \_\_\_\_\_  
**Grefye Adjwen**

**APWOUVE SELON  
SIFIZANS JURIDIK**

**Pa:** \_\_\_\_\_  
**Avoka Konte**